

GWOUP DISKISYON PLIZYÈ LANG KOMINOTE A POSEDE NAN FILADÈLFI POLIGLÒT

Dokiman sa a gen ladann:

- Piblikasyon Fon Vil Filadèlfi.
- Aplikasyon pou posiblite a.

[PIBLIKASYON FON VIL FILADÈLFI]

GWROUP DISKISYON NAN PLIZYÈ LANG KOMINOTE A POSEDE: Posibilite pou alokasyon nan Filadèlfi¹ Poliglòt

Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund), [Biwo pou Afè Imigran yo \(Office of Immigrant Affairs\)](#) ak [Biwo Inovasyon ak Teknoloji a \(Office of Innovation and Technology\)](#) kontan pou yo anonse yon posibilite pou gwoup diskisyon k ap jwenn konpansasyon pou evalye bezwen komunikasyon manm nan kominote ki pale plizyè lang yo nan Vil Filadèlfi epi kontribye nan misyon [Pwogram Aksè nan Lang Philly a](#) pou “Asire ke tout moun ka jwenn aksè nan sèvis Vil la nan lang pa yo.”

Te vin gen posibilite sa a grasa [sibvansyon Fon Transfòmasyon Operasyon an \(Operation Transformation Fund\) pou amelyore tradiksyon yo sou Phila.gov](#). Yo pral akòde alokasyon ba 10 òganizasyon, \$5,000 pou yo chak. Chak òganizasyon pral gen pou l òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon ki gen omwen dis (10) patisipan ki pale ak fè lekti nan yon lang ki pa Anglè. Gwoup diskisyon yo pral idantifye kontni moun monte sou yo pi souvan sou sitwèb phila.gov la epi pataje nenpòt rezilta sou enfòmasyon ki sanble pa klè oswa ki mal tradui.

Yo pral distribye konpansasyon an anpasan pa Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund) nan fason konsa: 50% nan etap planifikasyon an, epi 50% nan etap fèmti an. Delè pou prezante rezilta espere yo bay Biwo pou Afè Imigran yo (Office of Immigrant Affairs) pa dwe depase twa mwa apati dat yo fè atribisyon an. Tanpri gade nan Machaswiv yo pou Posibilite a pou jwenn plis detay.

¹Nou itilize tèm “Filadèlfi Poliglòt” la pou souliye ke pakèt kominote lang ki gen nan Vil la se pwen santral *tout* idantite Filadèlfi a. Se Philadelphia Inquirer ki te itilize tèm sa a pou premye fwa nan Desanm 2022 pandan y ap souliye sèvis Aksè Lang Vil la. Nou kontinye itilize tèm sa a pou ogmante sansibilizasyon ak aksè nan sèvis sa yo pou piblik la.

Gwoup diskisyon plizyè lang kominote a posede: Posibilite pou alokasyon nan Filadèlfi Poliglòt

Machaswiv yo pou Posibilite a ak Fason pou Aplike

Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund), [Biwo pou Afè Imigran yo \(Office of Immigrant Affairs\)](#) ak [Biwo Inovasyon ak Teknoloji a \(Office of Innovation and Technology\)](#) kontan pou yo anonse yon posibilite pou gwoup diskisyon k ap jwenn konpansasyon pou evalye bezwen kominikasyon kominote ki pale plizyè lang yo nan Vil Filadèlfi epi kontribye nan misyon [Pwogram Aksè nan Lang Philly a](#) pou "Asir[e] ke tout moun ka jwenn aksè nan sèvis Vil la nan lang pa yo."

Te vin gen posibilite sa a grasa [sibvansyon Fon Transfòmasyon Operasyon an \(Operation Transformation Fund\) pou amelyore tradiksyon yo sou Phila.gov](#). Yo pral akòde alokasyon ba 10 òganizasyon, \$5,000 pou yo chak. Chak òganizasyon pral gen pou l òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon ki gen omwen dis (10) patisipan ki pale ak fè lekti nan yon lang ki pa Anglè. Gwoup diskisyon yo pral idantifye kontni moun monte sou yo pi souvan sou sitwèb phila.gov la epi pataje nenpòt rezilta sou enfòmasyon ki sanble pa klè oswa ki mal tradui.

Yo pral distribye konpansasyon an anpasan pa Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund) nan fason konsa: 50% nan etap planifikasyon an, epi 50% nan etap fèmti an. Delè pou prezante rezilta espere yo bay Biwo pou Afè Imigran yo (Office of Immigrant Affairs) pa dwe depase twa mwa apati dat yo fè atribisyon an. Tanpri gade nan Machaswiv yo pou Posibilite a pou jwenn plis detay.

Rezime detay posibilite a

- Montan alokasyon: \$5,000
- Alokasyon yo akòde: Dis (10)
- Aplikasyon louvri: 20 Mas 2023 (Lendi)
- Aplikasyon fèmen: 20 Avril 2023 (Jedi)

Kalifikasyon

Anvan w aplike, tanpri repase kritè yo ki anba a:

- Kote pou kontakte òganizasyon an dwe gen yon adrès imèl
- Òganizasyon an dwe opere nan Filadèlfi kòm yon òganizasyon ki an sosyete.
 - Pa egzanp: San-pwofi, LLC, ak biznis yo kalifye
- Dwe kapab òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon an pèsòn nan Filadèlfi
- Dwe kapab bay yon W-9, yon fakti, ak yon Fòm ACH pou òganizasyon an pou yo ka resevwa peman.
- Dwe kapab rekrute epi kominike avèk moun ki pale omwen youn nan gwoup lang ki annapre la yo:
 - Arab
 - Chinwa (sa gen ladann Mandaren, Kantonè, oswa dyalèk minorite)
 - Fransè
 - Kreyòl Ayisyen
 - Pòtigè
 - Ris
 - Espayòl
 - Swahili
 - Vyetnamyen
 - Yon lang diferan (anwetan Anglè)

Enfòmasyon jeneral

Pwogram [Aksè nan lang Philly \(Language Access Philly\)](#) Vil Filadèlfi te asosye l resaman avèk ekip Angajman San Paspouki (Equitable Engagement) Vil la pou evalye pratik angajman kominotè yo pou atenn yon pi gwo enpak.

Yo te akòde Biwo pou Afè Imigran yo ak Pwogram Aksè nan Lang lan yon sibvansyon Fon Transfòmasyon Operasyon pou amelyore kalite kontni ki baze sou entènèt ki tradui sou domèn Phila.gov Vil la. Objektif pwojè sa a se pou kreye ak mete ann aplikasyon estanda pou regilarite, presizyon, ak aksesibilite tradiksyon yo pou divès kominote lang Filadèlfi yo.

Aprè òganizasyon plizyè gwoup diskisyon nan kad sibvansyon Fon Transfòmasyon Operasyon an (Operation Transformation Fund, OTF), ekip pwojè a te jwenn gen yon pi gwo nesite pou evalye piplis bezwen kominikasyon nan mitan kominote ki pale plizyè lang yo pou gide pi byen zouti tradiksyon ki kreye resaman yo pou itilize sou domèn phila.gov Vil la, ansanm ak glosè nan nèf (9) lang epi yon gid pou estil. Zouti sa yo te vin posib grasa finansman OTF la, ki te pèmèt Biwo pou Afè Imigran yo ogmante kapasite li paske yo ajoute yon nouvo manm ekip ki gen yon eksperyans nan lengwistik. Kowòdonatè Sèvis Tradiksyon an sèvi avèk zouti sa yo kòm yon travay k ap dewoule pou kontinye amelyorasyon avèk kontribisyon kominote a. Ekip aksè nan lang lan te òganize atelye travay pou aprann plis sou kominote lang yo nan Filadèlfi, epi l ap ankouraje kounye a yon pwosesis kominote a posede² pou diskite konsènan ki paj ki koresponn plis oswa kontni esansyèl ki pèdi souvan nan tradiksyon.

Tanpri konnen ke ekip pwojè a pran angajman pou pratik jistis nan zafè lang epi li akeyi aplikasyon pou gwoup diskisyon andeyò nèf (9) lang ekip pwojè a sijere yo.

Objektif

Nan eksplòre kòmantè kominote a posede ke manm kominote ki divès sou plan lengwistik yo bay, ekip pwojè a vle aprann apati apwòch kominote a posede pou ranmase kòmantè epi ankouraje patisipasyon nan pwosesis evalyasyon kalite tradiksyon yo.

Dimansyon Pwojè a

N ap chèche idantifye òganizasyon ki enterese angaje yo avèk manm kominote ki divès sou plan lengwistik yo.

Yo pral mande òganizasyon ki seleksyone yo:

- Idantifye epi rekrute manm nan kominote a ki pale yon lang ki pa Anglè pou yo patisipe nan omwen yon (1) gwoup diskisyon inèdtan.
- Idantifye epi rekrute youn oswa plizyè animatè ki pale de lang ki kapab kominike nan lang (lang yo) ki sible a epi nan Anglè
- Soumèt dokiman pwojè a ba Biwo pou Afè Imigran yo nan fen pwojè a, sa gen ladann:
 - a. Fèy prezans ki gen espas ki annapre la yo

² Lè nou di "kominote a posede", nou vle di pwojè yo entegre estrikti ak pwosesis kote "manm kominote a pran desizyon epi kominike yo ba gouvènman Vil la." Sa defini nan Bwat Zouti Angajman Kominotè San Paspouki (Equitable Community Engagement Toolkit) Vil la.

- i. Non oswa alyas patisipan an
 - ii. Lang(yo)
 - iii. Peyi nesans
 - iv. Zipkòd
 - v. Adrès imèl (li pa obligatwa)
- b. Si y ap anrejistre oswa y ap pran foto, kolekte nan men patisipan yo fòm konsantman ki siyen
 - c. Deskripsyon gwoup diskisyon yo ak obsèvasyon esansyèl yo
 - d. Glosè ki gen tèm kle yo nan lang ki sible a epi nan Anglè, avèk yon definisyon kout
 - e. Pwojè atistik ki prezante rezilta òganizasyon an ba piblik jeneral la. Òganizasyon ki te rasanble kòmantè yo lib pou sèvi ak imajinasyon yo, epi yo ankouraje imajinasyon nan rezilta espere pwojè yo.

Pwosesis ak Delè

Gwoup diskisyon yo ak tout rezilta espere yo dwe fini oplita vandredi 28 Jiyè 2023.

- **Aplikasyon louvri:** 20 Mas 2023 (Lendi)
- **Dènye jou pou soumèt kesyon yo:** 10 Avril 2023 (Lendi)
 - Ou ka soumèt kesyon konsènan aplikasyon an nan OIA@phila.gov. Nou ankouraje w pou w soumèt kesyon yo nan lang prefere ou, men tanpri, fòk ou sonje ke ekip nou an ap pran 3-5 jou pou afiche repons yo.
 - Repons yo pral pibliye sou sitwèb kote posiblite a afiche a. Dènye jou pou soumèt kesyon se dis (10) jou anvan posiblite a fèmen. Sa pral akòde ekip nou an kèk tan pou l pibliye repons tradui yo si sa nesesè.
- **Aplikasyon fèmen:** 20 Avril 2023 (Jedi)
- **Peryòd pou seleksyon an:** 24 Avril jiska 5 Me
- **Piblikasyon rezilta yo epi voye imèl ba kandida yo:** 8 Me jiska 19 Me
- **Pase kontra epi premye peman 50%:** Òganizasyon ki seleksyone yo pral resevwa yon Memorandòm Antant (Memorandum of Understanding, MOU) pou yo egzamine, siyen, epi voye tounen avèk W-9, epi enfòmasyon ACH. Yo pral peye òganizasyon yo premye vèsman 50% an on fwa yo resevwa dokiman yo.
- **Livrezon dokiman pwojè yo ba Biwo pou Afè Imigran yo:** 28 Jiyè 2023
- **Pwolongasyon maksimòm pou livrezon pwojè atistik:** 14 Out 2023

- Pwojè atistik la se yon entèpretasyon pwosesis angajman an epi li ede piblik jeneral la konprann bezwen kominikasyon nan pami manm kominote a ki pale yon lang ki pa Anglè
- Biwo pou Afè Imigran yo ka gen dwa pou l pou refize pwojè atistik ki soumèt la akòz kapasite estokaj limite
- Si pwojè atistik la gen nan li foto oswa kontni miltimedya, òganizasyon an dwe remèt fòm konsantman ki siyen ba Biwo pou Afè Imigran yo epi li dwe renonse ak tout responsablite pou itilizasyon domikan ki soumèt yo
- **Peman final rès 50% an:** Òganizasyon yo pral resevwa dènye vèsman an apre yo fin resevwa dokiman pwojè yo.

Pou soumèt yon aplikasyon:

1. Telechaje fòm lan nan lang ou pi pito a
 - a. Arabic | العربية
 - a. Chinese (Simplified) | 简体中文
 - b. French | Français
 - c. Haitian Creole | Kreyòl Ayisien
 - d. Portuguese | Português
 - e. Russian | Русский
 - f. Spanish | Español
 - g. Swahili | Kiswahili
 - h. Vietnamese | Tiếng Việt
2. Ranpli fòm lan
3. Voye fòm lan pa imèl ba OIA@Phila.gov avèk kopi ba Maria.Giraldo-Gallo@Phila.Gov

[KONTNI FÒM LAN]

GWROUP DISKISYON PLIZYÈ LANG KOMINOTE A POSEDE NAN FILADÈLFI POLIGLÒT

Apèsi

Mèsi paske w te soumèt yon repons pou “Gwoup diskisyon plizyè lang kominote a posede: Posibilite alokasyon nan Filadèlfi Poliglòt”. Si w ta renmen plis detay sou posibilite a, [tanpri konsilte Machaswiv yo pou Posibilite a.](#)

Aplikasyon sa a gen twa (3) pati epi li ta dwe pran ant trant (30) ak karannsenk (45) minit pou ranpli l.

- Pati 1 an mande enfòmasyon jeneral, sèt (7) kesyon antou
- Pati 2 an gen nan li egzijans yo pou kalifikasyon, sèt (7) kesyon antou
- Pati 3 an mande detay sou pwopozisyon ou pou w òganize gwoup diskisyon yo avèk manm kominote ki divès sou plan lengwistik, uit (8) kesyon antou

Si w gen kesyon sou aplikasyon sa a, tanpri voye yon imèl ba oa@phila.gov epi endike ladann nimewo kesyon an (Q#).


Q#	Pati 1 – Enfòmasyon Jeneral	
1	Tout non ou okonplè	
2	Adrès imèl ou	
3	Non legal òganizasyon w lan	
4	Misyon òganizasyon w lan	
5	Èske nou ka pibliye non òganizasyon w lan si yo akòde l alokasyon an?	<input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
6	Èske òganizasyon w lan gen eksperyans nan sèvi moun ki pale lòt lang ki pa Anglè?	<input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non

7	Depi konbyen tan òganizasyon an ap sèvi manm kominote ki divès sou plan lengwistik?	
----------	--------------------------------------------------------------------------------------------	--

Pati 2 – Kalifikasyon		
------------------------------	--	--

8	Èske w ap fonksyone nan Filadèlfi?	<input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
9	Seleksyone tip òganizasyon w lan	<input type="radio"/> 501(c)3 <input type="radio"/> LLC <input type="radio"/> Lòt: _____
10	Èske w dispoze òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon an pèsòn, nan Filadèlfi nan yon moman ki ant Me ak Jiyè 2023?	<input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
11	Èske w ta kapab bay yon W-9, yon fakti, ak yon Fòm ACH pou òganizasyon an?	<input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
12	Tanpri seleksyone tout kominote lang aplikab ou planifye pou w sèvi pa mwayen gwoup diskisyon an.	<input type="radio"/> Arab <input type="radio"/> Chinwa (sa gen ladann Mandaren, Kantonè, oswa dyalèk minorite) <input type="radio"/> Fransè <input type="radio"/> Kreyòl Ayisyen <input type="radio"/> Pòtigè <input type="radio"/> Ris <input type="radio"/> Espayòl <input type="radio"/> Swahili <input type="radio"/> Vyetnamyen <input type="radio"/> Yon lang diferan (anwetan Anglè): _____

13	<p>Èske w te idantifye yon manm estaf ki pale de lang, Anglè epi lang ki sible a ki kapab anime gwoup diskisyon an (gwoup diskisyon yo); oswa w ta oblije rekrute youn?</p>	<p><input type="radio"/> Òganizasyon nou an te idantifye yon animatè nan estaf nou an ki pale de lang, Anglè ak lang ki sible a</p> <p><input type="radio"/> Òganizasyon nou an ap gen pou l rekrute yon animatè ki pale de lang</p>
14	<p>Èske w aksepte pou w soumèt dokiman pwojè yo ba Biwo pou Afè Imigran yo selon delè ki endike yo?</p>	<p><input type="radio"/> Wi</p> <p><input type="radio"/> Non</p>

Pati 3 - Pwopozisyon		
Q#	Kritè	Tape repons ou yo nan kolòn sa a
15	<p>Kominote ki sible a:</p> <p>Tanpri dekri kòman ou te rive chwazi gwoup lang ki sible a, epitou eksperyans ou oswa enterè ou pou w travay avèk manm kominote a nan lang sa.</p> <p>Metè tout eksperyans ou oswa rechèch aplikab.</p>	<p style="text-align: center;"></p>
16	<p>Ekspètiz animatè ki pale de lang lan:</p> <p>Tanpri kominike non ak byografi animatè a (animatè yo) epi fè yon deklarasyon sou fason li ekipe pi byen pou dirije gwoup diskisyon</p>	

	<p>an (gwoup diskisyon yo).</p> <p>Si ou poko gen yon animatè, tanpri dekri estrateji rekritman ou pou detèmine kapasite animatè a pou kolekte kòmantè alekri yo ak kòmantè aloral yo sou preferans kominikasyon yo, ni nan lang ki sible a ni an Anglè.</p>	
<p>17</p>	<p>Kapasite/Pòte:</p> <p>Chak gwoup diskisyon dwe gen omwen 10 patisipan epi yo dwe dire omwen yon (1) èdtan.</p> <p>Konbyen gwoup diskisyon ou ta kapab òganize?</p>	
<p>18</p>	<p>Enpak:</p> <p>Tanpri eksplike kijan angajman ou pral gen yon enpak sou kominote ki sible a epi kijan li twouve l sou menm liy avèk misyon Pwogram Aksè nan lang Philly a pou asire ke tout moun ka gen</p>	

	<p>aksè nan sèvis Vil la nan lang pa yo a.</p>	
19	<p>Estrateji sansibilizasyon:</p> <p>Tanpri dekri estrateji sansibilizasyon ou epi tout metòd ou planifye pou itilize pou kolekte kòmantè yo sou preferans kominikasyon yo nan men manm kominote a.</p> <p>Tanpri presize ki zouti ou prevwa pou w itilize pou w dyaloge avèk patisipan yo, tankou sondaj, katografi, entèvyou, elatriye.</p>	
20	<p>Eksperyans Lengwistik:</p> <p>Tanpri dekri nenpòt eksperyans òganizasyon an oswa animatè a genyen pou rasanble kòmantè sou itilizasyon lang, tankou devlopman glosè, itilizasyon oswa kreyasyon gid estil, analize done kalitatif, fè tradiksyon oswa entèpretasyon, dirije</p>	

	<p>ekip plizyè lang, elatriye.</p>	
21	<p>Aranjman:</p> <p>Tanpri dekri aranjman òganizasyon w lan pral bay nan gwoup diskisyon an (gwoup diskisyon yo) pou asire bon patisipasyon moun ki divès sou plan lengwistik, oswa nenpòt moun ki mande yon aranjman rezonab pou li patisipe nan gwoup diskisyon an pèsòn(yo).</p>	
22	<p>Vizibilite</p> <p>Tanpri dekri kijan w pral prezante rezilta w yo ba piblik jeneral la ak ba Biwo pou Afè Imigran yo nan fen pwojè a.</p> <p>Kandida yo dwe prezante rezilta yo nan yon fason atistik ke yo chwazi. Èske w gen yon bagay nan tèt ou?</p>	

Mèsi poutèt ou soumèt aplikasyon ou an. Yon komite pral egzamine aplikasyon yo nan semèn k ap vini yo epi y ap fè swivi avèk ou nan mitan mwa Me. Si w gen kesyon, tanpri voye yon imèl ba oja@phila.gov.